

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Météode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Météode Panalungtikan**

Météode nya éta cara ngalaksanakeun hiji pagawéan sahadé-hadéna (*KUBS*, 1995: 343). Surakhmad (1985: 131) ogé netelakeun yén métode téh nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Dina ieu panalungtikan métode nu digunakeun nya éta métode déskriptif.

Météode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngadéskripsi keun jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari (Sudjana, 1991: 52).

Dumasar kana keterangan di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif, sangkan meunang gambaran ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina *Wawacan Ratu Déwi Maleka*.

##### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

###### **3.1.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik panalungtikan nya éta salahsiji usaha pikeun milih cara (prosédur) mana nu kudu ditempuh dina ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna: 18).

Nurutkeun keterangan di luhur, bisa dicindekkeun yén téhnik mangrupa cara pikeun ngahontal hiji tujuan panalungtikan. Dumasar kana éta hal, téhnik

ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan aya dua téhnik nya éta nu kahiji téhnik studi pustaka, ku cara macaan katalog-katalog naskah pikeun nangtukeun naskah nu can kapaluruh saacanna sarta dijadikeun bahan panalungtikan, macaan *literatur-literatur* ngeunaan filologi, struktur carita jeung moral, pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya patalina jeung panalungtikan.

Sedengkeun nu kadua nya éta téhnik studi lapangan, ku cara néangan naskah nu dimaksud ka PNRI, Jakarta, sanggeus téhnik studi pustaka dilakukeun.

### **3.1.2.2. Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan diantarana:

- a. Maca naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
- b. Nyusun transliterasi naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
- c. Nyusun édisi téks naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
- d. Nganalisis struktur carita jeung ajén moral dina téks *Wawacan Ratu Déwi Maléka*.

## **3.2. Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

### **3.2.1. Populasi Panalungtikan**

Nurutkeun Suyatna (2002: 11) populasi nya éta sakabéh sumber data anu jadi objék panalungtikan.

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta téks naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, anu kandelna 53 kaca.

### 3.2.2. Sampel Panalungtikan

Suyatna (2002: 11) nétélakeun yén sampel nya éta bagian tina populasi sarta ngawakilan populasi.

Anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total. Hartina anu ditalungtik di dieu nya éta sakabéh data fakta jeung ajén moral, anu aya dina *Wawacan Ratu Déwi Maléka*.

### 3.3. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*. Tina ieu sumber data bisa dipaluruh struktur carita jeung ajén moralna, pikeun dijadikeun populasi atawa sampel total.

### 3.4. Léngkah-léngkah Garapan

Rarancang garapan anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Tahapan Tatahar
  - a. Néangan naskah anu baris ditalungtik;
  - b. Ngalaksanakeun ulikan pustaka;
  - c. Ngajukeun judul jeung proposal;
  - d. Nyusun rancangan panalungtikan;
  - e. Konsultasi ka dosén pangaping.
2. Tahapan ngumpulkeun data
  - a. Ngumpulkeun bahan anu aya patalina jeung panalungtikan;

- b. Maca sagemblengna *Wawacan Ratu Déwi Maléka*, buku-buku sastra jeung tiori filologi;
  - c. Konsultasi ka dosén pangaping.
3. Tahap Ngolah Data
- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
  - b. Nyusun translitrasí naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
  - c. Nganalisis struktur carita jeung ajén moral dina naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*;
  - d. Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah.
4. Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan minangka tahap pamungkas dina ieu panalungtikan.

Léngkah-léngkahna nya éta:

PANGAJAP

ABSTRAK

DAFTAR EUSI

BAB I BUBUKA

BAB II WAWACAN JEUNG AJÉN MORAL

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

BAB IV ANALISIS STRUKTUR CARITA JEUNG AJÉN MORAL WAWACAN

*RATU DÉWI MALÉKA*

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN  
RIWAYAT HIRUP

